

Sante Mantal Timoun Ou: Sa Ou Dwe Konnen Sou Twoub Bipolè Pedyatrik

Toudabò epi sa ki pi enpòtan, sèke twoub bipolè kapab trete anpil. Twoub bipolè nan timoun yo lakoz chanjman etranj nan karaktè, nan enèji, ak nan nivo aktivite. Gwo chanjman toudenkou yo nan karaktè varye soti nan sentòm depresif (ba sou plan emosyonèl) pou rive nan sa yo rele “mani” (ajite sou plan emosyonèl). Poutèt sa, yo konn rele li maladi manyako-depresif. Konpòtman ki akonpaye chanjman karaktè sa yo ka jennen lavi chak jou timoun nan tankou nan lekòl, lavi sosyal ak devlopman an sante.

Sa ki enpòtan pou paran yo se:

- 1) Konnen kisa pou ou chèche
- 2) Poze timoun ou an kesyon sou sa ou remake
- 3) Abòde ak pedyat ou nenpòt enkyetid

AK KISA TWOUB BIPOLÈ SANBLE NAN TIMOUN YO?

Timoun ki gen twoub bipolè ap gen sentòm depresyon klinik, epitou yo gen peryòd ajitasyon ki depase limit. Yo ka reyaji pou ti fristrasyon avèk gwo kriz kòlè ki ka dire 30 minit oswa plis. Kriz kòlè yo pou kont yo pa yon siy twoub bipolè, men si ou te remake yon chanjman nan fason timoun ou an gen kriz kòlè yo, kontakte pedyat ou. Li ka ede ou konnen si kriz kòlè yo se rezon pou gen enkyetid, menm si yo pa siy twoub bipolè.

SIY MANI YO TA KA GEN LADANN:

- Lide ki twò temerè ak akselerasyon panse
- Konpòtman seksyèl devègonde
- Ensousyans (konpòtman riske)
- Lapawòl ak panse ajite, epi pafwa ki pa gen ni pye ni tèt
- Yon bezwen pou dòmi ki diminye alekstrèm

Byennantandi, peryòd ensousyans ak santiman envensib la jis fè pati tou lè yon moun timoun. Pwoblèm nan se si bagay sa yo vin twò ensousyan. Ou konnen timoun ou an pi byen. Fè ensten ou konfyans pou konnen si konpòtman timoun ou an sanble plis depase limit.

Kisa M Dwe Fè Si M Panse Timoun Mwen An Gen Twoub Bipolè?

Si ou remake yon melanj karaktè deprime ak ajitasyon depase limit, epi konpòtman sa yo sanble diferan ak anvan, *pale ak pedyat ou an kòm premye etap*. Yon fraz senp tankou “mwen te remake kèk chanjman nan konpòtman timoun mwen an ki pa sanble nòmal pou timoun mwen an” ka kòmanse konvèsasyon an. Pedyat ou an ka ede ou konnen si gen rezon pou ou enkyete w. Si ou ta konnen timoun ou an gen yon fanmi pre ki gen twoub bipolè epi ou remake nenpòt nan chanjman nan konpòtman sa yo, mande èd touswit.

Ou ta dwe *pale ak timoun ou an* tou. Ou ka di yon bagay tankou, “Ou sanble pi desann dènyèman” oswa “Ou sanble vrèman tchak, dènyèman. Èske tout bagay anfòm?” Malgre sa kèk moun panse, kalite kesyon sa yo pa lakòz konpòtman danjere, men yo ede timoun ou an konnen ou gen sousi pou li *reyèlman*. Fè timoun ou an konnen li ka pale avèk ou nenpòt lè.

Pa bliye, se oumenm ki konnen timoun ou an pi byen. Si ou remake yon bagay diferan nan konpòtman li, li toutafè nòmal pou ou gen enkyetid. Pou pwofite de okazyon sa pou aprann plis, pale ak pedyat ou oswa yon lòt founisè swen sante ou fè konfyans.

Pou aprann plis sou devlopman an bòn sante ak sou sante mantal dapre laj timoun yo, ale sou Paj Project TEACH pou Paran ak Fanmi: bit.ly/PTEACH-Family

Pou jwenn plis enfòmasyon sou twoub bipolè kay timoun yo ak adolesan yo, ale sou sitwèb Biwo Sante Mantal Nouyòk la (NY Office of Mental Health): bit.ly/OMH-Bipolar